



KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI  
REPUBLIK INDONESIA  
2023

# Keweleh

Kena batunya

Penulis : Suciati Ardini P  
Ilustrator: Angga Yuniar S



C





KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI

REPUBLIK INDONESIA

2023

# Keweleh

Kena Batunya

**Penulis : Suciati Ardini Pangastuti**

**Ilustrator : Angga Yuniar Santosa**

**Penerjemah: Suciati Ardini Pangastuti**

**Hak cipta pada Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi Republik Indonesia.**  
Dilindungi Undang-Undang.

**Penafian:** Buku ini disiapkan oleh Pemerintah dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU No. 3 Tahun 2017. Buku ini diterjemahkan dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman. Masukan dari berbagai kalangan yang dialamatkan kepada penulis atau melalui alamat posel [balaibahasadiy@kemdikbud.go.id](mailto:balaibahasadiy@kemdikbud.go.id) diharapkan dapat meningkatkan kualitas buku ini.

## **KEWELEH (KENA BATUNYA)**

Penulis : Suciati Ardini Pangastuti  
Ilustrator : Angga Yuniar Santosa  
Penerjemah : Suciati Ardini Pangastuti  
Penyunting : Nur Ramadhoni Setyaningsih  
Penata letak: Angga Yuniar Santosa

Penerbit  
Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi

Dikeluarkan oleh  
Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta  
Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta  
<https://balaibahasadiy.kemdikbud.go.id>

Cetakan Pertama, 2023  
ISBN 978-623-112-457-9

Isi buku ini menggunakan huruf Andika New Basic 14-18.  
ii, 36 hlm: 21 x 29,7 cm.

## **Kepala Balai Menyapa**

Hai, pembaca yang budiman.

Kami mempersembahkan buku-buku cerita bernuansa lokal Daerah Istimewa Yogyakarta. Pembaca dapat menikmati cerita dan ilustrasi yang menarik di dalamnya.

Buku-buku cerita ini disajikan dalam dua bahasa, yaitu bahasa Jawa dan bahasa Indonesia. Semoga buku ini menumbuhkan minat membaca dan semangat melestarikan bahasa daerah serta menginternasionalkan bahasa Indonesia.

Selamat membaca!

**Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY**

**Dwi Pratiwi**



**Panase srengenge wiwit sumelet. Ora krasa lakune Kancil tekan sapinggaire Kali Oya. Nyawang banyu kali sing katon bening iku dumadakan Kancil dadi ngelak. Dhasare pance dheweke mentas mlaku adoh. Ngetutke obahe sikil.**

**Kancil banjur milang-miling, nggoleki perangan kali sing rada cethek. Ketemu! Ana ing cedhak wit gedhe sing pange saperangan mangklung ing ndhuwur kali. Oyote wit mau saperangan uga kaclup ing banyu. Dheweke mengko bisa mancik oyot kuwi kanggo nelesi gulune sing krasa garing.**

**Kancil gage mlaku marani kali kuwi. Nalika tekan cedhak wit sing arep diparani, Kancil mandheg. Dheweke weruh Kul werna kuning kang nggremet ing pasuketan sapinggaire kali. Weruh gulune Kul sing nlolor metu saka cangkange, Kancil rumangsa gila.**


**“Ana kewan kok nggilani tenan. Wis rupane elek, uripe ing papan sing lethe. Jian njenesi tenan,” batine Kancil karo nggatekake kewan mau luwih adoh.**

**Terik matahari mulai menyengat. Tak terasa perjalanan Kancil sampai di tepi Kali Oya. Melihat air sungai yang tampak bening itu tiba-tiba Kancil merasa haus. Apa lagi setelah ia melakukan perjalanan jauh. Menurutkan langkah kaki.**

**Kancil kemudian melihat ke sekeliling, mencari bagian sungai yang agak dangkal. Ketemu! Ada di dekat pohon besar yang dahannya sebagian berada di atas sungai. Akar dari pohon tersebut sebagian juga terendam air. Dia dapat bertumpu pada akar itu untuk minum, membasahi tenggokannya yang terasa kering.**

**Kancil segera berjalan menuju sungai tersebut. Ketika sampai di dekat pohon yang hendak dituju, Kancil berhenti. Matanya melihat Kul, hewan sejenis keong, berwarna kuning sedang berjalan pelan di rerumputan yang berada di tepi sungai. Melihat leher Kul yang memanjang keluar dari cangkang, Kancil merasa jijik.**

**“Ini ada hewan yang begitu menjijikkan. Sudah wajahnya jelek, hidupnya di tempat yang kotor. Benar-benar menjijikkan,” batin Kancil sambil memperhatikan hewan di depannya itu lebih jauh.**



**“He, Kul. Kowe kuwi dadi kewan kok kaningaya tenan. Wis rupane elek, menyang ngendi-endi nggawa omah.Uripmu ya ing papan sing reget kaya ngene,” ujare Kancil marang Kul.**

**Kul Kuning iku ora nesu krungu omongane Kancil sing nylekit. Dheweke wis kulina nampa pangina kaya mangkono. Merga urip ing papan kang dianggep njemberi, ing banyu campur lendhut.**

**Simbahe, minangka pimpinan bangsa Kul tansah mituturi amrih sabar. Isen- isene jagad kuwi werna-werna. Ana titah sing kalebu golongan kuwat, ana titah sing golongan ringkih.**

**“Nanging Gusti Pangeran Maha Asih. Bangsane dhewe sing klebu golongan ringkih uga diparingi piranti kanggo tameng. Tameng arupa cangkang sing atos. Sing bisa namengi saka bebaya,” dumeling swarane simbahe.**

**“He, Kul! Kamu itu jadi hewan sungguh menyediikan. Wajah sudah jelek, ke mana-mana membawa rumah, hidupmu juga di tempat yang kotor seperti ini,” kata Kancil kepada Kul.**

**Kul Kuning tidak marah mendengar ucapan Kancil yang sangat menyakitkan. Dia sudah terbiasa menerima penghinaan seperti itu. Karena tinggal di tempat yang dianggap kotor, di dalam air yang bercampur lumpur.**

**Kakeknya, sebagai pemimpin bangsa Kul selalu mengajarinya untuk sabar. Penghuni dunia ini memang bermacam-macam. Ada hewan yang tergolong kuat, ada hewan yang tergolong lemah.**

**“Tetapi Tuhan itu Maha Kasih. Bangsa kita yang termasuk golongan lemah juga diberi perisai untuk perlindungan diri. Perisai berupa cangkang yang keras. Yang dapat melindungi diri dari bahaya,” terngiang ucapan kakeknya.**

**“Senajan kowe klebu golongan kewan sing ringkih, kowe ora kena nglokro. Awit kabeh kewan, embuh kewan gedhe apa cilik, diparingi piranti kang padha. Yaiku, pikiran. Kowe mung perlu ngasah otakmu supaya pikiranmu landhep,” ngendikane simbahe maneh ....**

**“Minggir, ndhak kepidak sikilku kowe mengko! Aku arep liwat, arep ngombe. Dhasar kewan klelar-kleler! Ngisin-isini!” ujare Kancil santak marang Kul Kuning.**

**Anggone nglamun Kul Kuning sanalika buyar krungu panggetake Kancil.**

**“Senajan kokanggep klelar-kleler, yen ana ing banyu, lakuku bisa rikat. Upama balapan mlayu, aku yakin bisa ngalahake kowe,” kandhane Kul Kuning.**

**“Walau kamu termasuk makhluk yang lemah, kamu tidak boleh putus asa. Karena semua makhluk, entah yang besar maupun kecil, semua diberi perlengakapan sama. Yaitu pikiran. Kamu hanya perlu mengasah otakmu supaya pikiranmu tajam,” kata kakeknya lagi ....**

**“Minggir! Nanti kamu bisa terinjak kakiku. Aku mau lewat, mau minum. Dasar hewan lamban. Memalukan!” kata Kancil pada Kul dengan kasar.**

**Mendengar suara Kancil yang kasar, lamunan Kul Kuning seketika terhenti.**

**“Walau kamu menganggap aku lamban, kalau di dalam air, jalanku bisa cepat. Seandainya berlomba untuk lari, aku yakin bisa mengalahkan kamu,” kata Kul Kuning.**

**“Ha..., ha..., ha...,” Kancil ngguyu kepingkel-pingkel krungu kandhane Kul Kuning.”Kowe kuwi pranyata pinter ndhagel uga, Kul. Lucu!”ujare Kancil karo isih tetep ngguyu.**

**“Apane sing lucu?” pitakone Kul ethok-ethok mbodhoni.**

**“Apa kowe durung ngerti yen Kancil mono kewan sing playune paling banter? Kowe pancen kewan sing cubluk. Uripmu pancen ora adoh saka lendhut. Mula kowe ora tau krungu pawarta sing werna-werna. Kowe ora ngerti ramene donya,” panyengese Kancil.**

**“Ing dharat, mungkin bangsamu pancen klebu kewan sing playune paling cepet. Nanging ing banyu, bangsa Kul uga bisa mlayu cepet. Yen kowe ora percaya, ayo kita buktekake,” panantange Kul Kuning.**

**“Ha..., ha..., ha...,” Kancil tertawa terbahak-bahak mendengar ucapan Kul Kuning.”Ternyata kamu juga pandai melawak, Kul. Lucu!” kata Kancil lagi sambil masih dengan tertawa.**

**“Apanya yang lucu?” tanya Kul Kuning pura-pura bodoh.**

**“Apakah kamu belum tahu kalau Kancil itu hewan yang larinya paling cepat? Kamu memang hewan yang bodoh. Tempat tinggalmu juga tidak jauh dari lumpur. Makanya kamu tidak pernah mendengar berbagai berita. Kamu tidak tahu keadaan dunia,” ejek Kancil.**

**“Di darat, mungkin bangsamu termasuk hewan yang larinya paling cepat. Tetapi di air, bangsa Kul juga bisa berlari cepat. Kalau kamu tidak percaya, ayo kita buktikan!” tantang Kul Kuning.**

**“Priye carane?”  
pitakone Kancil sing  
wiwit kepancing karo  
omongane Kul Kuning.**

**“Awake dhewe  
tetandhingan mlayu.  
Kowe ing dharat, aku ing  
banyu. Priye? Kowe wani  
ora mbuktekake  
pocapanmu? Yen wani,  
ayo sesuk esuk jam 08.00  
awake dhewe balapan  
mlayu.”**

**Krungu panantange Kul  
Kuning kaya mangkono  
iku, Kancil rumangsa  
kebrongot atine. Tanpa  
mikir dawa dheweke  
nampa panantange Kul  
Kuning.**

**“Geneya kok ndadak  
ngenteni sesuk? Geneya  
kok ora saiki wae?”  
kandhane marang Kul  
Kuning.**

**“Bagaimana caranya?”  
tanya Kancil yang mulai  
terpancing dengan apa  
yang dikatakan oleh Kul  
Kuning.**

**“Kita berlomba untuk  
lari. Kamu di darat, aku  
di air. Bagaimana? Kamu  
berani tidak  
membuktikan ucapanmu  
kalau bangsa Kancil  
sebagai pelari tercepat?  
Kalau berani, ayo, besok  
jam 08.00 kita bertanding  
untuk lari.”**

**Mendengar tantatangan  
Kul Kuning yang demikian  
itu, hati Kancil jadi  
terbakar. Tanpa berpikir  
jauh dia langsung  
menerima tantangan dari  
Kul Kuning.**

**“Kenapa harus menunggu  
sampai besok? Kenapa  
tidak sekarang saja,”  
kata Kancil pada Kul  
Kuning.**

**“Yen sesuk esuk, rak luwi pranyoga ta, Cil. Sing jenenge tetandhingan mesthine rak ya butuh persiyapan. Saora-orane dina iki bisa kanggo ngaso. Ngimpun tenaga, supaya sesuk awak ing kahanan seger nalika pas tetandhingan.”**

**Sawise dipikir-pikir, omongane Kul sajake ana benere. Mula Kancil setuju.**

**“Ya, aku setuju. Njur balapane ana ngendi?” pitakone marang Kul Kuning.**

**“Priye yen ana ing sawah kono kuwi? Kowe mlayu ing galengan sadawane sawah. Dene aku mlayu ing galengan sisih njero, sing ana banyune,” wangsulane Kul.**

**“Kalau besok pagi kan lebih baik, Cil. Yang namanya pertandingan, tentunya perlu persipan. Setidaknya hari ini bisa dipakai untuk beristirahat.**

**Menghimpun tenaga, biar besok tubuh dalam keadaan bugar ketika bertanding.”**

**Setelah direnung-renungkan, ucapan Kul Kuning ada benarnya juga. Maka Kancil setuju.**

**“Ya, aku setuju. Lalu di mana pertandingannya?”**

**“Bagaimana kalau di sawah yang di sana itu? Kamu berlari di atas pematang sepanjang sawah, sementara aku berlari di dalam air,” jawab Kul.**

**Kancil nyawang sawah  
ora adoh saka kali.  
Sawah mau banyune  
katon megung lan kebak  
tanduran pari.**

**“Ya, aku setuju. Kowe  
aja mung ijen. Nanging  
kerahna sabalamu. Ora-  
orane yen kancil bakal  
kalah mungsuh karo  
Kul. Senajan jumlahmu  
luwih akeh,” kandhane  
Kancil kanthi sompong.**

**“Takladeni  
panjalukmu,”  
wangslane Kul Kuning  
mantep.**


**“Yoh. Ketemu sesuk jam  
08.00, ya. Kowe cukup  
wicaksana anggonmu  
milih wektu. Jam  
samono kuwi bun wis  
asat, suket ing galengan  
wis garing. Dadi ora  
ngribeti jangkahku,”  
aloke Kancil banjur  
nggeblas lunga.**

**Kancil menatap sawah  
yang tidak jauh dari  
sungai. Sawah tersebut  
airnya sangat melimpah  
dan penuh dengan  
tanaman padi.**

**“Ya, aku setuju. Kamu  
jangan hanya sendirian  
Kerahkan semua teman-  
temanmu. Tidak mungkin  
kalau Kancil akan kalah  
dengan Kul. Walau  
jumlahmu lebih banyak,”  
ujar Kancil dengan  
sombongnya.**

**“Aku turuti  
permintaanmu,” jawab  
Kul mantap.**

**“Ya, sampai bertemu lagi  
besok pukul 08.00. Kamu  
cukup bijaksana dalam  
memilih waktu. Pada saat  
itu embun sudah mulai  
mongering, rumput di  
pematang sudah tidak lagi  
basah. Jadi, tidak  
mengganggu langkahku,”  
ujar Kancil kemudian  
pergi begitu saja.**



**Kul mesem jroning ati diunekake wicaksana dening Kancil.**  
**Anggone milih wektu jam 08.00 kuwi satemene kanggo strategi wae. Meneng-meneng mau dheweke wis ngetung-etung, pira wektu sing dibutuhake kanggo persiapan balapan. Kul wis duwe rantaman kang mateng kanggo ngadhepi Kancil.**

**Ing jagate para kewan, jeneng Kancil pancen wis kondhang. Sejene kondhang playune sing banter, uga kondhang julig lan sompong. Biyen Kul Kuning wis tau dicritani simbahe prekara Kancil sing kaya iku.**

**“Sawiji wektu, manawa kowe ketemu karo Kancil, kowe ora kena gigrik. Minangka pimpinan bangsa Kul, tuduhna sikapmu sing kendel. Aja ngatonake karingkihanmu ing sangarepe Kancil. Mengko kowe bisa disepelekake dening Kancil sing kumalungkung kuwi,” kelingan kandhane simbahe rikala semana.**

**“Inggih, Mbah. Mugi-mugi kula mboten kepanggih kaliyan si Kancil,” wangsulane Kul Kuning. Kawit cilik dheweke pancen cedhak karo simbahe. Wong tuwane wis ora ana merga kena musibah banjir bandhang. Kul banjur diopeni dening simbahe sing pancen kondhang limpad.**

**Dalam hati Kul tersenyum dikatakan bijaksana oleh Kancil. Dia memilih waktu pukul 08.00 itu sesungguhnya hanya untuk strategi saja. Diam-diam tadi dia sudah menghitung, berapa waktu yang diperlukan untuk persiapan pertandingan lari. Kul sudah mempunyai rencana yang matang untuk menghadapi Kancil.**

**Di dunia hewan, nama Kancil memang sudah sangat terkenal. Selain terkenal larinya cepat, juga terkenal licik dan sompong. Dulu, Kul Kuning pernah diberi tahu oleh kakeknya perihal Kancil yang seperti itu.**

**“Suatu ketika nanti bila kamu bertemu dengan Kancil, kamu tidak boleh gentar. Sebagai pemimpin bangsa Kul, tunjukkan sikapmu yang pemberani. Jangan perlihatkan kelemahanmu di hadapan Kancil. Nanti kamu akan disepelekan oleh Kancil yang sompong itu,” teringat ucapan kakeknya waktu itu.**

**“Iya, Kek. Semoga saya tidak bertemu dengan si Kancil,” jawab Kul Kuning. Sejak kecil dia memang diasuh oleh kakeknya. Orang tuanya meninggal karena terkena musibah banjir bandang. Kul Kuning kemudian diasuh oleh kakeknya yang terkenal sangat pandai dan bijaksana.**

**“Lho, sapa ngerti. Simbah mituturi ki mung kanggo jaga-jaga wae. Merga Kancil kuwi senengane ngumbara. Sapa ngerti olehe ngumbara bisa tekan laladan kene. Saupama kowe ketemu, ora ana dalan liya kanggo ngadhepi Kancil, kejaba akal budi,” ngendikane simbahe maneh kala semana.**

**Kul mesem kelingan kabeh kuwi. Ora nyana dina iki dheweke ketemu Kancil. Ngerti sikape Kancil sing angkuh kuwi, meneng-meneng Kul mikir. Ngulir budi priye carane aweh pelajaran marang Kancil. Sawise cukup suwe anggone mikir, dumadakan dheweke duwe panemu, ngajak Kancil balapan mlayu.**

**Satemene sapa wae ngerti yen bangsa Kul kuwi kewan sing mlakune paling lelet. Nanging sing arang dimangerten, bangsa Kul nduweni tali paseduluran kang kuwat banget. Kuwi sing arep diman pangatake dening Kul kanggo ngadhepi Kancil.**

**Kul Kuning kuwi enggal-enggal nyemplung kali. Kanthi basa sandhi dheweke ngundang para kul supaya padha kumpul.**

**“Lho, siapa tahu. Kakek menasihati hanya untuk berjaga-jaga saja. Karena Kancil itu senang mengembara. Siapa tahu dalam pengembaraannya dia akan sampai di wilayah sekitar sini. Seandainya kamu ketemu, tiada jalan lain untuk menghadapi Kancil, kecuali dengan akal,” kata kekeknya lagi ketika itu.**

**Kul tersenyum ingat semua itu. Tidak menyangka kalau hari ini dia bertemu dengan Kancil. Mengingat perangai Kancil yang angkuh dan sompong, diam-diam Kul berpikir keras. Mencari akal bagaimana caranya agar dapat memberi pelajaran pada Kancil. Setelah berpikir agak lama, tiba-tiba dia mendapat ide untuk mengajak Kancil berlomba lari.**

**Sebenarnya siapapun tahu kalau bangsa Kul itu merupakan hewan yang jalannya paling lamban. Namun yang jarang diketahui, bangsa Kul itu mempunyai ikatan persaudaraan yang kuat. Hal itu yang akan dimanfaatkan oleh Kul Kuning untuk menghadapi Kancil.**

**Kul Kuning segera masuk ke dalam sungai. Dia kemudian mengundang kul-kul lainnya dengan bahasa sandi.**

**“He, para kul sing mapan ana Kali Oya iki. Sapa wae sing krungu swaraku, enggal biwarakna marang kanca-kanca liyane. Takjaluk kowe kabeh padha teka mrene. Ngeli wae nut ilining banyu supaya cepet tekan. Wigati!”**

**pambengoke Kul Kuning mawa basa sandhi sing mung dimangerten dening bangsa Kul.**

**Pawarta saka pimpinan kul kuwi enggal sumebar kanthi gethok tular. Kul sing krungu dhisik dhewe, enggal nerusake marang kul liyane sing ana sacedhake. Mangkono sateruse.**

**Ora let suwe saka wara-wara mau, wis ana kul siji sing teka ing ngisor wit gedhe. Banjur disusul kul-kul liyane. Kabeh padha tekan ing kono kanthi cara ngeli, ngenut ilining banyu.**

**“Ana apa, Bos? Kok awake dhewe dikongkon kumpul ing kene?” pitakone para kul kemruwek.**

**“Hai, para kul yang berada di dalam Kali Oya. Siapa saja yang mendengar suaraku, sampaikan kepada teman-teman lainnya. Aku minta kalian semua datang ke sini. Hanyutkan diri kalian, mengikuti aliran air. Biar cepat sampai. Penting!” kata Kul Kuning dengan menggunakan bahasa sandi yang hanya diketahui oleh bangsa Kul.**

**Berita dari pimpinan bangsa Kul itu segera tersebar melalui pesan berantai. Kul yang mendengar pertama kali segera meneruskan pesan tersebut kepada kul lainnya yang berada di dekatnya. Dengan cara itulah berita itu disebarluaskan.**

**Tidak berselang lama dari tersiarinya pengumuman tadi, sudah ada satu kul yang datang di bawah pohon besar. Demikian seterusnya. Kul-kul yang lain mulai berdatangan, dengan cara menghanyutkan diri, mengikuti arus air.**

**“Ada apa, Bos? Mengapa kita semua diminta untuk berkumpul di sini?” tanya para kul penasaran.**

**“Mengko yen sing teka  
wis akeh takkandhani.  
Tinimbang aku mbolan-  
mbaleni omong,”**  
**wangsulane Kul Kuning  
sing dadi pimpinane  
para kul kuwi.**

**Saya suwe kul sing  
padha teka saya akeh.  
Nganti tekan ngrepake  
surup, atusan kul wis  
padha kumpul ing  
sangisore wit gedhe iku.**

**“Saiki ayo padha  
mentas saka banyu lan  
baris ing pinggir kali.  
Aku pengin ngerti pira  
jumlahmu kabeh,” ujare  
Kul Kuning.**

**Kul-kul banjur padha  
mentas saka banyu,  
baris jentrek-jentrek ing  
sapinggire kali.**

**“Nanti kalau yang  
datang sudah banyak  
aku terangkan. Daripada  
aku harus mengulang-  
ulang omongan,” jawab  
Kul Kuning yang menjadi  
pemimpin bangsa Kul.**

**Semakin lama kul yang  
datang semakin banyak.  
Sampai menjelang senja,  
sudah ratusan kul yang  
datang berkumpul di  
bawah pohon besar itu.**

**“Sekarang semua keluar  
dari air dan berbaris di  
tepi sungai. Aku ingin  
tahu, berapa jumlah  
kalian semua,” kata Kul  
Kuning.**

**Para kul itu segera ke  
luar dari air dan baris  
berjajar di tepi sungai.**



**“Ayo dietung wiwit saka paling pinggir. Etungan diwiwiti...,” celathue Kul Kuning sora.**

**“Siji...,” kul paling pinggir dhewe, sing ana sandhuwure oyot wit gedhe pinggir kali miwiti ngetung.**

**“Loro...,” kul ing cedhake nyaut.**

**“Telu...,”**

**“Papat...,” mangkono sateruse nganti ganep angka 267.**

**“Sekarang mari kita hitung, mulai dari yang paling tepi, di dekat pohon sana itu. Berhitung mulai...” kata Kul Kuning dengan lantang.**

**“Satu...,” kul yang berbaris paling tepi, yang berada di atas akar pohon besar mulai berhitung.**

**“Dua...,” kul yang ada di dekatnya menyahut.**

**“Tiga....” Hitungan berlanjut.**

**“Empat....” Demikian seterusnya sampai genap hitungan angka 267.**

**“Nah, sarehne sing padha ngumpul gungunge wis akeh, tak anggep cukup. Saiki aku arep blaka. Geneya kowe kabeh takklumpukake ana kene. Awake dhewe perlu nyusun strategi kanggo ngadhepi Kancil,” ujare Kul Kuning kanthi kebak wibawa.**

**“Strategi? Strategi apa?”**

**“Ngadhepi Kancil? Apa bangsa Kul lagi memungsuhan karo Kancil?”**

**Swara pitakon pating tlebung saka para kul sing padha baris iku.**

**“Nah, karena yang berkumpul jumlahnya sudah banyak, maka aku anggap cukup. Sekarang aku mau mengatakan yang sebenarnya. Mengapa kalian semua aku kumpulkan di sini, itu ada sebabnya. Kita perlu strategi untuk menghadapi Kancil,” kata Kul Kuning dengan penuh wibawa.**

**“Strategi? Strategi apa?”**

**“Menghadapi Kancil? Apakah bangsa Kul sedang bermusuhan dengan Kancil?”**

**Ramai suara pertanyaan dari para kul yang sedang berbaris itu.**

**“Sabar, aku bakal njlentrehake sakabahe.”** Kul Kuning menehi tandha supaya para kul kuwi padha meneng. **“Kita ora lagi memungsuhan karo Kancil, nanging nganakake tetandhingan. Ngerti ta bedane memungsuhan karo tetandhingan?”** ujare Kul Kuning luwih adoh.

**“Inggih....”**

**“Wow...,”** swara pating tlebung. Terus umyek, padha ubur karepe dhewe.

**“Stt....”** Ana kang aweh tandha supaya padha meneng.

**“Sabar, akan aku jelaskan semuanya.”** Kul Kuning memberi isyarat agar semua kul diam. **“Kita tidak sedang bermusuhan dengan Kancil, tetapi mengadakan pertandingan. Tahu kan, beda antara permusuhan dan pertandingan?”** kata Kul Kuning lagi, menjelaskan lebih jauh.

**“Iya, tahu.”**  
**“Wow...,”** suara berisik lagi kemudian para kul itu saling berbicara dengan temannya.

**“Stt....”** Ada yang memberi tanda agar semua diam.

**Cep! Kabeh meneng. Ora ana kang nyuwara maneh.**

**Kul Kuning banjur nyritakake sapatemone karo Kancil ing sapinggire Kali Oya.**

**“Aku ora duwe niyat apa-apa kejaba mung pengin menehi pelajaran marang Kancil. Supaya suk dheweke ora kemaki maneh. Supaya dheweke bisa ngajeni marang liyan. Ngajeni saepadhaning urip sing drajate dianggep luwih endhek” kandhane luwih adoh.**

**“Bener, Bos. Nanging apa kuwi ora keladuk? Kabeh ngerti yen bangsa Kul kuwi mlakune paling lelet. Mokal yen bakal memang lumawan Kancil sing playune rikat,” cluluke salah siji kul.**

**Sunyi! Semua diam. Tak ada lagi yang berbicara.**

**Setelah semua tenang, kemudian Kul Kuning menceritakan pertemuannya dengan Kancil di tepi Kali Oya.**

**“Aku tidak punya keinginan apa pun selain hanya ingin memberi pelajaran pada Kancil. Agar kelak dia tidak sompong lagi. Agar dia mau menghargai pada yang lain, pada sesama makhluk yang dia anggap lebih rendah derajatnya,” ujar Kul Kuning lebih jauh.**

**“Betul, Bos. Tetapi apakah itu tidak berlebihan? Semua tahu kalau bangsa Kul itu paling lamban kalau berjalan. Tidak mungkin akan menang melawan Kancil yang larinya cepat,” kata salah satu kul.**

**“Mulane kowe kabeh takklumpukake ing kene. Kita perlu ngatur strategi piye carane supaya bisa ngalahake si Kancil,” kandhane Kul Kuning kebak wibawa.**

**Cep! Ora ana sing wani mancahi rembug.**

**Kul Kuning banjur nerusake olehe ngomong.” Para sedulurku, bangsa Kul sing taktresnani. Senajan kita iki titah kang ringkih, nanging yen nyawiji kita bakal kuwat.**

**Kaya sapu sada, yen ditaleni dadi sji, bakal kuwat. Ora gampang dicoklek, nanging yen taline diwudhari, saupama dicoklek mesthine gampang tugel.”**

**Kul Kuning mandheg sedhela anggone ngomong. Banjur kandhane luwi adoh.” Bangsa Kul kawit biyen kondhang kuwat suh tali pasedulurane. Mula saiki ayo bebarengan nyawijekake greget kanggo lumawan si Kancil. Aku duwe gagasan kang mletik kanggo ngadhepi Kancil.”**

**“Oleh karena itu kamu semua aku kumpulkan di sini. Kita perlu mengatur siasat bagaimana caranya agar dapat mengalahkan si Kancil,” kata Kul kuning dengan penuh wibawa.**

**Sepi! Tidak ada yang berani bersuara.**

**Kul Kuning kemudian berbicara lagi.” Saudara-saudaraku, bangsa Kul yang aku cintai. Walau kita ini merupakan makhluk yang lemah, kalau kita bersatu, kita akan menjadi kuat.**

**Seperti sapu lidi, kalau diikat menjadi satu akan kuat. Tidak mudah dipatahkan, tetapi bila talinya dilepaskan, akan mudah sekali dipatahkan.”**

**Kul Kuning berhenti sebentar, kemudian ujarnya lebih jauh. ”Sejak dahulu, bangsa Kul terkenal sangat kuat ikatan persaudaraannya. Oleh karena itu, mari kita bersama-sama menyatukan tekad, untuk melawan si Kancil. Aku punya rencana yang jitu untuk menghadapi Kancil.”**

**“Siyapp...,”**  
**wangsulane para kul iku**  
**meh bareng.**

**“Yen ngono, ayo saiki**  
**padha njegur sawah**  
**kono kuwi. Padha barisa**  
**ana sapinggire**  
**galengan, ing perangan**  
**njero. Maksudku,**  
**perangan galengan sing**  
**kaclup banyu. Ndhelika**  
**ing ngisor ganggeng**  
**utawa gandhulan suket**  
**liyane. Baris kaya iki**  
**wiwit poncot wetan**  
**tekan poncot kulon.”**

**“Siyapp....”**

**Para kul iku wis padha**  
**siyap arep mlaku tumuju**  
**sawah sing dianggo**  
**papan balapan.**  
**Nanging, enggal**  
**dipenggak dening Kul**  
**Kuning.**

**“Siap....” sahut para kul**  
**itu hampir bersamaan.**

**“Kalau begitu, mari kita**  
**menuju sawah yang di**  
**sana itu. Kita masuk dan**  
**berbaris di pematangnya**  
**yang bagian dalam, yang**  
**terendam air.**  
**Bersembunyilah diantra**  
**ganggang atau**  
**meranbat pada rumput**  
**yang lainnya. Berbaris**  
**seperti ini, mulai dari**  
**ujung timur hingga ujung**  
**barat.”**

**“Siap...”**

**Para kul pun segera**  
**bersiap-siap berjalan**  
**menuju sawah yang akan**  
**digunakan untuk tempat**  
**pertandingan lari.**  
**Tetapi sebelum bergerak**  
**langsung dicegah oleh**  
**Kul Kuning.**

**“Mengko dhisik. Olehku ngomong durung rampung. Perlu takjentrehake kanthi gamblang, supaya mengko ora dumadi seling surup.”**

**“Siyapp...,” para kul wangsulan bareng.**

**“Ngene, kul sing pawakane ngemperi aku, baris paling pinggir sisih wetan. Banjur disusul liya-liyane, baris nganti tekan iring kulon. Dene aku mapan ana pinggir dhewe sisih kulon. Lete barisan diatur dhewe. Yen gunggungmu kabeh ana 267, bisa dikira-kira sepira lete barisan,” kandhane Kul Kuning.**

**“Siyapp...,” para kul bali wangsulan bareng.**

**“Nanti dulu. Aku belum selesai bicara. Akan aku jelaskan lebih perinci, supaya nanti tidak terjadi salah paham.”**

**“Siap...,” para kul menjawab dengan serentak.**

**“Begini, kul yang bentuk tubuhnya menyerupai aku, berbaris paling pinggir di ujung timur, Kemudian yang lain-lainnya segera mengikuti berbaris, berjajar sampai ujung barat. Sementara aku akan mengambil tempat paling ujung, di sebelah barat. Kalau jumlah kalian ada 267, bisa dihitung sendiri kira-kira berapa jarak kalian antara satu dan lainnya,” ujar Kul Kuning.**

**“Siap...,” jawab para kul hampir bersaman.**

**“Taksih wonten pangandikan malih, Bos?” pitakone salah siji kul sing umure isih enom.**

**“Ana. Ngene, Kancil rak ora ngerti posisimu ana ngendi. Dheweke mesthi bakal undang-undang kanggo mangerteni posisimu. Mengko yen Kancil ngundang, kul sing ana sangarepe Kancil kang mangsuli. Liyaliyane meneng.”**

**“Sendikaaa...!” para kul wangsulan bareng.**

**“Wis saiki ayo bebarengan ndedonga marang Kang Akarya Jagad sadurunge budhal. Muga-muga Gusti Kang Akarya Jagad tansah mayungi awake dhewe kabeh,” ujare Kul Kuning. Dheweke banjur wiwit ndedonga lan diamini dening para kul liyane.**

**“Apakah masih ada lagi yang hendak disampaikan, Bos?” tanya salah satu kul yang umurnya masih muda.**

**“Ada. Begini, Kancil kan tidak tahu di mana posisi kalian. Nanti, jika Kancil memanggil-manggil, kul yang posisinya ada di depan Kancil yang menjawab. Yang lain-lainnya diam.”**

**“Siap...!” Para kul menjawab bersamaan.**

**“Kalau begitu, sebelum berangkat mari kita berdoa bersama-sama kepada Sang Maha Pencipta. Semoga kita selalu dalam lindungan-Nya.” Kul Kuning lalu berdoa dan diamini oleh para kul lainnya.**



**Rampung ndedonga, para kul enggal budhal ninggalake papan kono. Wis cetha prentahe Kul Kuning, salah siji njupuk posisi paling pinggir. Liya-liyane nylarasake lan ngatur let barisan.**

**Meh parak esuk, rombongan kul iku lagi tekan papan kang dituju. Kabeh banjur njupuk panggonan dhewe-dhewe. Ana sing gandulan ing suket, ana sing ndhelik ing antarane ganggang.**

**Para kul sing manggoni sawah kono, gumun nyawang kahanan iku. Ujug-ujug katekan rombongan kul saka Kali Oya. Baris tritrip ana sapinggaire galengan. Kul sawah mau banjur dikandhani tujuane kul Kali Oya teka ing kono.**

**Bareng ngerti tujuan sing sabenere, para kul sawah padha melu nggabung. Ora kabeh, mung kang lagi ana ing sacedhake papan kono wae. Yen kudu nglumpukake kabeh wektune ora cukup. Nanging kuwi wis nambahi cacahe kul sing baris ana pinggir galengan sawah. Samapta nyengkuyung balapan antarane Kul Kuning lumawan Kancil.**

**Selesai berdoa, para kul langsung membubarkan diri dan segera meninggalkan tempat itu. Perintah Kul Kuning sudah jelas, salah satu mengambil tempat yang paling tepi, yang lainnya menyelaraskan diri dan mengatur jarak barisan masing-masing.**

**Hampir menjelang pagi, rombongan kul itu baru tiba di tempat yang dituju. Kemudian semua mencari tempat sendiri-sendiri sesuai dengan arahan Kul Kuning. Ada yang bergelantungan di batang rumput, ada yang bersembunyi di antara tumbuhan ganggang.**

**Para kul penghuni sawah di situ merasa heran dengan apa yang terjadi. Tiba-tiba saja di sawah tempat tinggalnya kedatangan rombongan kul dari Kali Oya.**

**Mereka berbaris rapi di tepi pematang pada bagian sisi dalam.**

**Para kul penghuni sawah kemudian diberi tahu akan maksud kedatangan mereka di tempat itu.**

**Setelah tahu maksud tujuan dari kedatangan mereka, para kul sawah ikut bergabung. Tidak semuanya, hanya yang kebetulan sedang berada di sekitar tempat itu. Kalau harus mengumpulkan semua kul penghuni sawah, waktunya tidak cukup. Walau begitu, hal tersebut sudah dapat menambah jumlah kul yang sedang berbaris di tepi pematang sawah. Siap mendukung perlombaan lari antara Kul Kuning dan Kancil.**

**Ing wektu kang wis  
ditemtokake Kancil teka  
ing papan kang wis  
disepakati.**

**“Kowe wis siyap tenan  
balapan mlayu karo aku,  
Kul? Yen kowe wedi, kowe  
isih duwe wektu kanggo  
mundur. Ora bakal  
takdendha, wis. Kowe  
mung cukup ngakoni yen  
aku, Kancil, sing playune  
ora ana kang nandhingi.  
Mayar, ta?” ujare Kancil  
nggembelo.**

**“Aja nggembelo dhisik,  
Cil. Ayo kita buktekake  
sapa sing playune paling  
banter,” wangsulane Kul.**

**“Yen ngono kowe siyap-  
siyap. Tak etung nganti  
etungan telu. Etungan siji,  
njupuk ancang-ancang  
kanggo mlayu. Etungan  
loro, siyap-siyap. Sawise  
etungan telu lagi wiwit  
mlayu,” ujare Kancil.**

**Pada waktu yang telah  
ditentukan, Kancil datang  
di tempat yang telah  
mereka sepakati.**

**“Apa kamu sudah benar-  
benar siap bertanding lari  
dengan aku, Kul? Kalau  
kamu takut, kamu masih  
punya waktu untuk mundur.**

**Tidak akan aku denda  
sedikitpun. Kamu cukup  
mengakui bahwa aku,  
Kancil, kecepatanya berlari  
tak ada yang dapat  
menandingi. Mudah, kan?”**  
ujar Kancil dengan  
sombongnya.

**“Jangan sompong dulu, Cil.  
Mari kita buktikan siapa  
yang larinya paling cepat,”**  
jawab Kul.

**“Kalau begitu kamu segera  
bersiap-siap. Aku hitung  
sampai hitungan ketiga.  
Hitungan satu, siap-siap.  
Hitungan dua, mengambil  
ancang-ancang untuk  
berlari. Setelah hitungan  
tiga baru mulai berlari,”**  
ujar Kancil.

**“Sarujuk...,”**  
**wangsulane Kul mantep.**

**Kancil banjur wiwit  
ngetung. ”Siji..., loro...,  
telu...!” sawise etungan  
katelu dheweke  
langsung mencolot  
mlayu.**

**Watara limang  
pencolotan, Kancil  
mandheg banjur  
ngundang Kul. Pengin  
ngerti wis tekan ngendi  
playune.**


**“Kul...!” pangundange.**

**“Setuju!” sahut Kul  
dengan mantap.**

**Kemudian Kancil pun  
mulai menghitung. ”  
Satu..., dua..., tiga...!”  
setelah  
hitungan ketiga dia  
langsung melompat lari.**

**Setelah berlari lima  
lompatan, Kancil  
berhenti, dipanggilnya  
Kul. Ingin tahu  
telah sampai di mana  
larinya.**

**“Kul...!” panggil Kancil.**



**“Kull...,” kul sing baris ana sangarepe Kancil mangsuli seru.**

**Kancil kaged. Ora ngira Kul jebul posisine wis ana ing sangarepe. Mula jangkahe saya dibanterake. Ora let suwe dheweke leren maneh, pengin ngerti si Kul wis tekan ngendi playune. Nanging, saben-saben ngundang jenenge Kul, mesthi diwangsuli swara ana sangarepe.**

**Nganti ora krasa playune Kancil wis nyedhaki wates kang disepakati. Kancil yakin yen menang. Amarga mau playune wis dibanterake. Dheweke wis ngetok tenaga sarosane. Nanging....**

**Kancil nglimpruk. Awake lemes kelangan daya, ora ngira tekan ngenggon jebul Kul Kuning wis thenguk-thenguk ana kono.**

**“Kulll...,” kul yang berbaris di pematang, yang posisinya di depan Kancil yang menyahut.**

**Kancil kaget. Tidak menyangka kalau posisi Kul ternyata ada di depannya. Maka dia pun semakin mempercepat langkahnya. Tidak lama kemudian Kancil sudah berhenti lagi, ingin tahu, posisi Kul sekarang ada di mana. Demikian yang terjadi berulang kali. Setiap memanggil Kul, suara sahutannya selalu terdengar dari depan.**

**Kancil berlari semakin kencang, sampai tak terasa langkahnya mendekati garis batas. Kancil sangat yakin kalau akan menang. Karena dia sudah berusaha berlari dengan sangat kencang, Mengerahkan seluruh kekuatannya. Tetapi....**

**Kancil terduduk lesu. Badannya terasa lemas, seluruh ototnya seperti dilolosi, sampai di garis batas ternyata Kul Kuning sudah ada di sana.**

**“Jujur aku isin, Kul. Apa aloke jagad mengko, dene kowe sing takanggep asor, pranyata bisa ngalahake aku,” ujare Kancil karo tumungkul. Dheweke ora wani nyawang rupane Kul Kuning.**

**“Ora perlu isin. Kasunyatane pancen ya kaya mangkono. Kowe kalah ing tetandhingan iki. Mulane aja kumalungkung. Aja kemaki. Rumangsa paling apik, paling sampurna,” Kul Kuning malah melehake Kancil.**

**“Iya, dakakoni aku salah. Aku kerep ngremehake liyan. Aku njaluk sepura merga wis nyepelakake kowe,” ujare Kancil karo isih tetep tumungkul. Dheweke bener-bener isin marang Kul Kuning.**

**“Iya, Cil. Dakapura. Muga-muga kedadeyan iki dadi pelajaran pengaji kanggomu. Muga-muga kowe bisa ngowahi watakmu sing kumalungkung. Elinga Cil, ing sandhuwure langit iku isih ana langit,” kandhane Kul Kuning sareh.**

**“Jujur, aku sangat malu, Kul. Apa nanti kata dunia, kamu yang selama ini aku remehkan, ternyata dapat mengalahkanku,” kata Kancil sambil menunduk. Dia tidak berani menatap wajah Kul Kuning.**

**“Tidak usah malu. Kenyataannya memang seperti itu. Kamu telah kalah dalam pertandingan ini. Makanya, jangan sompong. Jangan besar kepala. Merasa paling baik, paling sempurna....” Kul Kuning malah menelanjangi kelakuan Kancil yang kurang terpuji.**

**“Iya, aku akui, aku memang salah. Selama ini aku sering meremehkan dan menyelekan makhluk lain. Aku minta maaf, karena telah meremehkan kamu,” kata Kancil lirih sambil menunduk. Dia benar-benar malu pada Kul Kuning.**

**“Iya, Cil. Aku maafkan. Semoga kejadian ini menjadi pelajaran yang berharga untukmu. Semoga kamu dapat merubah tabiatmu yang sompong dan suka merehkan yang lain, yang kamu anggap tidak sederajat denganmu. Ingatlah Cil, di atas langit masih ada langit,” kata Kul Kuning dengan lembut.**



**Kancil ora wangsulan.  
Pangucape Kul Kuning sing  
sareh iku krasa nandhes  
jroning ati. Dheweke  
rumangsa keweleh.  
Diwelehydrate dening Sing  
Gawe Urip, merga  
sasuwene iki dheweke  
seneng nyepelakake liyan  
kang dianggep ora  
sababag. Ora ngira yen  
saiki dheweke kalah karo  
Kul, kewan kang dianggep  
asor lan ina.**

**“Wis Cil, ra sah digetuni.  
Kabeh wis dumadi. Saiki  
andum slamet wae. Aku  
arep bali menyang  
papanku, ing banyu,”  
aloke Kul Kuning sawise  
sawetara amem.**

**“Iya, Kul. Aku uga arep  
nerusake laku. Wis andum  
slamet. Karia basuki.”  
Rampung kandha kaya  
mangkono, Kancil banjur  
mencolot lunga, nerusake  
anggone ngumbara.**

**Kancil hanya diam. Kata-kata  
Kul Kuning yang diucapkan  
dengan lembut itu terasa  
menggores di hati. Dia  
merasa seperti ditelanjangi.  
Selama ini dia selalu  
menyepelakan makhluk lain  
yang tidak sederajat  
dengannya. Ternyata  
sekarang dia kalah dengan  
Kul, makhluk yang  
dianggapnya rendah dan  
hina. Barang kali ini yang  
dinamakan keweleh,  
mendapat balasan dari Yang  
Maha Kuasa atas  
kesombongannya. Sekarang  
Kancil merasa kena batunya.**

**“Sudahlah, Cil. Tidak perlu  
disesali. Semua sudah terjadi.  
Selamat berpisah sampai  
ketemu, aku akan kembali ke  
tempatku. Di dalam air,” kata  
Kul Kuning setelah beberapa  
lama mereka saling diam.**

**“Iya, Kul. Aku juga akan  
melanjutkan perjalanan.  
Selamat tinggal, semoga  
kamu selalu dalam lindungan-  
Nya.” Setelah berkata seperti  
itu Kancil segera melompat  
pergi, mereruskan  
pengembaraannya.**

## Biodata

### **Penulis : Suciati Ardini Pangastuti.**

Suciati Ardini Pangastuti, akrab dengan nama pena Ardini Pangastuti Bn. Lahir di Tulungagung, 16 November 1960. Aktif menulis di berbagai media, baik bahasa Indonesia maupun bahasa Jawa. mulai dari Cerita Anak, cerpen, puisi,novel, esai dan kadang-kadang berita budaya. Pernah juga terlibat dalam penterjemahan karya sastra Jawa lama ke bahasa Indonesia dan penterjemahan buku cerita anak-anak yang diselenggarakan oleh Bby. Buku-buku karya bersama yang telah terbit lumayan banyak. Buku tunggal untuk bacaan anak-anak yang telah terbit antara lain, Geram Bukit Batu Tameng, Pijar-Pijar Harapan, Jejak-Jejak Batu Tua, Mengenal Buah dan Sayur, Perpustakaan Keliling dan Hadhiah Paling Endah (bhs Jawa).

**Ilustrator: Angga Yuniar Santosa.** *Full time* Ilustrator yang tinggal di Sedayu Bantul, aktif berkarya seni dan berpameran seni rupa. Sering mengisi kelas-kelas mengajar maupun workshop seni di berbagai ruang pendidikan dan umum. Kontak hubung WA 082227597591

**Penyunting : Nur Ramadhoni Setyaningsih.** Lahir dan tinggal di Sleman. Saat ini ia aktif sebagai Widyabasa Ahli Muda di Balai Bahasa Provinsi DIY. Ia juga menjadi salah satu pengelola Jurnal Widyaparwa termasuk melakukan penyuntingan naskah. Selain itu, ia juga melakukan penyuntingan naskah-naskah cerita. Dapat ditemui di kantor dengan alamat Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Kotabaru, Yogyakarta; telepon (0274) 562070; posel nurramadhonis@gmail.com.



MILIK NEGARA  
TIDAK DIPERDAGANGKAN

**Kancil hewan yang suka mengembara  
dan terkenal cepat larinya.**

**Pada suatu hari ketika hendak minum di Sungai**

**Oya, Kancil bertemu dengan Kul.**

**Kancil merasa jijik dak kesal. Dia mengolok-olok  
Kul sebagai hewan yang lamban.**

**Kul tidak terima dikatakan lamban.**

**Kul menantang Kancil untuk beradu lari, tetapi  
bukan di darat melainkan di dalam air.**

**Kancil menerima tantangan itu. Mereka sepakat,  
Kul akan berlari di sawah yang berair.**

**Sedangkan Kancil berlari di sepanjang pematang.  
Ternyata Kancil kalah.**

ISBN 978-623-112-457-9 (PDF)



9 786231 124579



**KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI  
REPUBLIK INDONESIA**

2023